

Fòmasyon nesesè sou sekirite alimantè pou nouveau anplwaye yo.

Bitasyon

Anvan w kòmanse travay nan pwodiksyon mango, li enpòtan pou w aprann yon seri de règ ke nou pral ba w sou sekirite alimantè, pou diminye risk kontaminasyon mango yo. Depi se nan mango wap travay sou bitasyon an, fòk ou swiv règ sa yo. Souple, swiv imaj oubyen foto ki sou papye yo sot ba w la epi koute byen.

1. Pwòpte kò w

Pou konsève kalite mango yo e kenbe yo pwòp ou dwe benyen chak jou, koupe zong ou epi netwaye yo.

2. Rad ak afè pèsònèl ou

Lè wap vin travay mete rad pwòp sou ou. Règleman yo defann ou mete rad san manch, rad sal oubyen rad chire. PA mete ni bout pantalon, ni soulye, ni sandal zotèy deyo. Ou PA gen dwa rantre ak afè pèsònèl ou kote wap travay la, ni kote materyèl yo ye. Anvan w kòmanse travay, al depoze afè pèsònèl ou kote ki la pou sa.

3. Bijou

Ou pa gen dwa mete bijou sou ou nan okenn zòn kote yap pwodwi mango sou bitasyon an.

4. Kouvri cheve w

Lè w sou bitasyon an toujou sèvi ak yon bagay pou kouvri cheve w tankou yon kepi, yon bando oswa yon filè.

5. Manje, Bwè ak fimen

Tout anplwaye dwe manje, bwè ak fimen SÈLMAN kote ki la pou sa, byen lwen pwodwi yo pokò rekolte yo, e byen lwen materyèl yo. Fòk ou lave men w anvan w retounen travay. Li entèdi pou w krache nan zòn kote yap pwodwi mango sou bitasyon an.

6. Twalèt ak latrin

TOUJOU ale nan twalèt oubyen nan latrin konpayi an mete. Li entèdi pou w fè pipi oswa fè bezwen w nenpòt kote sou bitasyon an.

7. Lave men w

Lave men w anvan w kòmanse travay, lè w fin pran poz epi lèw sot nan twalèt.

Men 5 etap nou dwe swiv pou nou byen lave men nou:

Etap 1. Vide yon ti dlo sou men w.

Etap 2. Savonnen men w byen savonnen.

Etap 3. Frote men w ak tout ponyèt ou. Pa blyiye foubi anba zong ou ak mitan dwèt ou.

Wap bezwen 10 a 15 segond pou fè sa.

Etap 4. Vide dlo pou w rense men w byen rense.

Etap 5. Sèvi ak sèvèyèt an papye a pou w seche men w. Nan kèk bitasyon, yo ka mande w pou w pase dezenfektan nan men w lèw fin lave yo epi anvan w rekòmanse travay.

8. Sou sante w

Depi w ta wè w genyen yonn nan siy sa yo tankou: dyare, gòj fè mal ak lafyèv, vomisman, po w ak je w kap vin jòn, ou pap kapab travay nan zòn kote yap pwodwi mango yo, ni nan zòn kote yap mete yo nan bwat.

9. Blese ak san sou mango yo

Si w blese nan keyi mango, lave men w touswit epi mande sipèviziè a yon bandaj oubyen yon pansman; mete l sou blese a epi kouvri l ak yon gan pwòp. Fò w kouvri tout ti grafouyen, tout ti blese ki sou men w ak ponyèt ou. Depi yon mango sal ak san w oubyen lòt likid ki sot nan kò w voye l jete.

10. Prezans Bèt sou bitasyon yo

TOUJOU avèti sipèviziè a depiw ta sisplèk yon bèt rantre sou bitasyon an, depi w ta wè yon kloti kraze oubyen tonbe, depi w wè mak pye bèt, bezwen oubyen pipi bèt nan zòn pwodiksyon an. Pa anbake okenn pwodwi ki te sal ak bezwen, epi pa mete okenn pwodwi tou pre kote yo ka kontamine. Okenn zannimo domestik pa gen dwa sikile sou bitasyon an.

11. Mango ki tonbe atè

Depi yon mango tonbe atè, elimine l kareman.

12. Retire gonm sou mango

Toujou sèvi ak etajè oubyen lòt materyèl bitasyon an bay pou retire gonm sou mango yo.

13. Netwaye e dezenfekte

Netwaye e dezenfekte tout zouti ki sèvi pou rekòt yo jan règleman bitasyon an mande l.

14. Kò etranje

Si w jwenn yon moso vit nan yon mango oubyen nan panyen, nan bwat oswa kès mango yo fò w retire l, VOYE mango a JETE epi kouri al rapòte sa bay sipèviziè a. Toujou rete vijilan pou veye tout kò etranje ak lòt bagay ki ka rantre nanmango yo. Se mango sèlman ki pou nan panyen mango.

15. Vizitè

Pou yon moun rantre nan bitasyon an, fòk li jwenn otorizasyon direksyon an e fòk yo pran non l anvan l rantre nan lokal la. Vizitè yo tou dwe respekte tout règ pwòpte ak sekirite alimantè yo.

Mwen menm(Non anplwaye a) _____ mwen swiv fòmasyon nesesè sou sekirite alimantè nan (Non bitasyon an) _____ jou ki te dat la) _____ e mwen konprann sijè a. Mwen pwomèt map toujou respekte tout règ sou sekirite alimantè yo tout lè map travay sou bitasyon an.